



Akademisyèn Marie-Jeanne Léo LOUIS-CHARLES

Akademisyèn Marie-Jeanne Léo LOUIS-CHARLES fèt 31 janvye 1964 nan komin Kanperen, depatman Sid, Ayiti. Marie-Jeanne Léo LOUIS CHARLES se Espesyalis nan Edikasyon. Li gen yon Metriz nan Enjenyeri, Direksyon òganizasyon ak fòmasyon. Li ekri woman, pwezi ak lòt kalite liv an kreyòl. Li tradui tèks an kreyòl tou.

Angajman

- Edikasyon
- Literati
- Piblikasyon

Piblikasyon

Lis dokiman Akademisyèn Marie-Jeanne Léo LOUIS-CHARLES pibliye / patisipe :

- ❖ Liv lekti pou RTI/USAID pou elèv 1e, 2èm ak 3èm ane : M ap li nèt ale
- ❖ Patisipasyon nan ekri liv alfa : 4 chemen konnen : Koute, Pale, Li, Ekri
- ❖ Modil pou anseyan an kreyòl

Se Rekotra Inivèsite Leta Ayiti ki te pwopoze kandidati Marie-Jeanne Léo LOUIS-CHARLES pou li te vin manm Akademi Kreyòl Ayisyen